

## SESAMBUNGAN SUBORDINATIF SAJRONE UKARA CAMBORAN SUSUN ING BASA JAWA

**Fita Fathonah**

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
fitafathonah@mhs.unesa.ac.id

**Dr. Murdiyanto, M.Hum.**

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

### ABSTRAK

Sesambungan subordinatif minangka sawijine perangan konjungsi. Konjungsi kasebut nduweni makna kanggo nggandhenge rong klausa sing kalungguhane ora padha. Tanpa anane konjungsi sajrone klausa informasi ora bisa dimangertani. Underane panliten iki yaiku kepriye wujud, guna, lan kalungguhane sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun? Tujuwane panliten iki, yaiku kanggo ngandharake lan njlentrehake wujud, guna, lan kalungguhane sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun.

Landhesane teori sing digunakake sajrone panliten iki, yaiku teori transformasi generatif. Tata makaryane teori transformasi generatif diperang dadi telu adhedhasar triaspek, yaiku wujud (kategori), guna (fungsi), kalungguhan (peran). Panliten iki kalebu jinis panliten linguistik deskriptif, dhata sing dijlentrehake panliten iki yaiku ukara-ukara sing kalebu ukara camboran susun. Panliten iki asipat sinkronis, amarga basa sing ditliti yaiku basa Jawa sing digunakake ing jaman saiki. Sumber dhatane yaiku wacana ing Jayabaya taun 2016. Dhata sing digunakake ing panliten iki yaiku awujud teks tulis sajrone ukara-ukara camboran susun. Dhata dikumpulake nggunakake teknik cathet. Tatacarane njlentrehake dhata ing panliten iki nggunakake metodhe agih. Asile njlentrehake dhata disuguhake nggunakake metodhe formal informal.

Sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun ing basa Jawa adhedhasar makna struktural bisa diperang dadi telulas yaiku, sesambungan teges (1) kausalitas, (2) konsekutif, (3) instrumen, (4) dhedukatif, (5) kondhisi, (6) disjungtif, (7) konsesif, (8) final, (9) temporal, (10) korelatif, (11) similaritas, (12) komparasi, (13) rincian.

**Tembung wigati:** Sesambungan Subordinatif, Ukara Camboran Susun, Triaspek Sintaksis

### PURWAKA

Bageyan purwaka iki diprinci dadi limang subbab, yaiku (1) landhesane panliten, (2) punjere panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedhahe panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panjlentreh tetembungan. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

### Landhesane Panliten

Konjungsi subordinatif kalebu salah sawijine konjungsi. Miturut Sudaryanto (1991:117), konjungsi subordinatif digunakake kanggo nggandhenge rong unsur sintaksis sing kalungguhane ora padha. Konjungsi subordinatif sajrone ukara camboran susun nduweni tujuwan nggandhenge klausa sajrone ukara camboran susun. Miturut Padmosoekotjo (1987:153) ukara camboran susun kedadayan saka rong klausa, klausa siji dadi katrangan klausa sijine.

Panliten ngenani konjungsi subordinatif sajrone ukara camboran susun iki narik kawigaten kanggo ditliti, jalaran durung akeh panliti sing nlti. Babagan iki akeh perangan-perangan sing kudu dijlentrehake kanthi jlimet. Lumrahe panliti mung njlentrehake ngenani perangan konjungsi, lan perangan konjungsi subordinatif. Kaya sing diandharake dening Wedhawati (2006:384) ing *Tata Bahasa Jawa Mutakhir* merang konjungsi dadi telu. Dene *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia* (Alwi 2003:38) ngandharake konjungsi diperang dadi papat. Wedhawati

luwih nengenake topik konjungsi subordinatif lan koordinatif, merga babagan kasebut padha-padha nggandhenge rong konstituen sing mbedakake yaiku kalungguhane, ananging Wedhawati luwih nengenake konjungsi subordinatif, tinimbang koordinatif merga dianggep nduweni bab kang amba lan njlimet.

Konjungsi subordinatif iki kang dadi tembung panggandheng klausa sing kalungguhane ora padha. Konjungsi uga ora bisa manggon ing gunane sintaksis tartamtu tanpa ana gabungan tembung liyane. Kaya ing tuladha ngisor iki:

| Dhata      | Wujud         | Guna      | Kalungguhan |
|------------|---------------|-----------|-------------|
| Sumiati    | Aran          | jejer     | panindak    |
| ora mlebu  | frasa kriya   | wasesa    | kriya       |
| Sekolah,   | Aran          | katrangan | papan       |
| amarga     | Panggan dheng | katrangan | faktor      |
| Ibune      | frasa aran    | jejer     | panampa     |
| lara nemen | frasa kahanan | wasesa    | kahanan     |

Ukara kasebut kalebu ukara camboran susun jalaran klausa kapisan awujud “Sumiati ora mlebu sekolah”

minangka klausa utama, dene “ibune lara nemen” minangka panyengkuyung klausa utama. Anane tembung konjungsi “amarga” ukara kasebut bisa diarani ukara camboran susun, amarga ana ukara kang kedadeyan saka rong frasa utawa rong klausa sing klausa kapisan minangka klausa utama dene klausa kapindho minangka panyengkuyung klausa utama. Senajan klausa kapindho kalungguhane minangka geganep nanging kalungguhane penting kanggo nyengkuyung klausa utama. Kajaba tuladha kasebut, ana tuladha liyane sing nuduhake anane konjungsi subordinatif sajrone ukara camboran susun yaiku “awit kurang ngati-atine, Tomo mau tiba saka wit”.

| Dhata               | Wujud        | Guna      | Kalungguhan |
|---------------------|--------------|-----------|-------------|
| Awit                | Panggandheng | Katrangan | Wektu       |
| Tomo                | Aran         | jejer     | Panindak    |
| kurang ngati-atine, | Frasa kriya  | Wasesa    | Kriya       |
| Tomo                | Aran         | Jejer     | Panindak    |
| mau tiba saka       | Frasa kriya  | Wasesa    | Kriya       |
| wit                 | aran         | lesan     | panampa     |

Ukara kasebut kalebu ukara camboran susun, senajan tembung panggandhenge ana ing wiwitane ukara nanging ukara kasebut ora ngowahi pawarta apa sing bakal diandharake. Ukara kasebut uga kedadeyan rong klausa sing kalungguhane ora padha lan nduweni tembung panggandheng “awit” sing nuduhake yen ukara kasebut kalebu ukara camboran susun. Tuladha ukara kasebut bisa dideleng yen konjungsi subordinatif ana sajrone ukara cambooran susun. Dideleng saka makna struktural konjungsi kasebut sing mbedakake jinise sesambungan. Konjungsi “amarga” kang nyatakake sebab (kausalitas), dene konjungsi “awit” kang nyatakake wektu (temporal).

Adhedhasar andharan kasebut panliten iki njlentrehake sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun ing basa Jawa. Panliten ngenani sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun iki diteliti kanthi cara njlentrehake triaspek sintaksis yaiku wujud, guna, kalungguhan sajrone ukara. Panliten semantik adhedhasar triaspek sintaksis kalebu panliten ngenani semantik gramatikal.

### Punjer lan Underane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten ing ndhuwur, punjere panliten iki yaiku jinise sesambungan subordinatif adhedhasar triaspek sintaksis ing basa Jawa. Dene underane panliten iki yaiku: (1) Kepriye wujud sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun

ing basa Jawa? (2) Kepriye gunane sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun ing basa Jawa? (3) Kepriye kalungguhane sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun ing basa Jawa?

### Paedahe Panliten

Asil panliten iki arupa andharan ngenani sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun. Panliten iki diajab bisa menehi sumbangan teoretis ing basa Jawa mligine bidhang semantik gramatikal. Ing semantik gramatikal kanggo ngrembakake teori ngenani teges gramatikal.

Asil panliten iki diajab bisa menehi sumbangan praktis yaiku bisa dadi salah sijine materi kanggo nyinaoni basa mligine bidhang semantik gramatikal ing makalah sintaksis lan semantik. Panliten iki dadi sumber pangrembagane materi pasinaon ing sekolahan.

### Watesane Panliten

Panliten iki diwatesi ing telung babagan, yaiku (1) topik (2) dhata (3) sumber dhata. Topik ing panliten iki yaiku sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun ing basa Jawa, dhata kang digunakake ing panliten iki, yaiku wacan sajrone kalawarti Jayabaya kang ngandhut sesambungan subordinatif, dene sumber dhata kang dinggo ing panliten iki, yaiku awujud dhata tulisan sajrone ilmu basa luwih nengenake dhapukan tembung sing kalebu wujud, guna, kalungguhan. Dhata tulis tuwih dipercaya amarga nduweni struktur luwih sampurna mula panliten iki mung mligi nganggo basa tulis.

### Panjentrehe Tetembungan

Tetembungan kang kudu dijlentrehake kanggo panliten iki, yaiku (1) sesambungan subordinatif, (2) ukara camboran susun, lan (3) triaspek sintaksis.

#### 1) Sesambungan Subordinatif

Sesambungan subordinatif yaiku Konjungsi sing digawe kanggo miwiti klausa kang kaiket kanggo nggandhengake karo klausa utama sajrone ukara susun (Kridalaksana, 2008:131).

#### 2) Ukara Camboran Susun

Ukara camboran susun yaiku manawa ukara sing siji dadi katrangan ukara sijine. Ukara kang diterangake diarani ukara baku, dene ukara sing dadi katrangan diarani ukara wuwuhan (Antunsohono, 1956:72).

#### 3) Triaspek sintaksis diperang dadi telu, yaiku wujud, guna, lan kalungguhan.

Wujud (kategori) yaiku ditemtokake miturut konstituen-konstituen klausa, konstituen kasebut arupa tembung utawa frasa, senajan konstituen kasebut nduweni pamanggih utawa ora nduweni pamanggih. Dene guna (fungsi) yaiku konstituen sing formal kang ora kaiket karo unsur semantis tartamtu, uga ora kaiket karo unsur

kategorial tartamtu. Kalungguhan (peran) yaiku konstituen sing nduweni fungsi sajrone objek lan subjek. Fungsi lan peran nduweni kalungguhan dhewe sajrone klausa, nanging sesambungan karo struktur guna lan struktur peran kang katon sajrone wujud saka verba. Guna lan kalungguhan nduweni sesambungan struktur guna lan struktur kalungguhan sajrone wujud saka verba. Semono uga kalungguhan “panampa” nduweni guna jejer sajrone wujud sing ora nduweni teges. (Verhaar, 2012:166-170).

## **TINTINGAN KAPUSTAKAN**

### **Tegese Sesambungan Subordinatif**

Miturut Alwi (1998:299) konjungsi subordinatif yaiku konjungsi sing nggabungake rong klausa utawa luwih, lan klausa kasebut ora nduweni status sintaksis sing padha. Salah sijine klausa minangka anak kalimat. Konjungsi subordinatif iki dignakake kanggo mangerteni klausa sing ana kanggo nggandhengake klausa utama sajrone ukara susun (Kridalaksana sajrone Nardianti 1996:14). Sesambungan subordinatif yaiku konjungsi sing nggandhengake rong klausa utawa luwih lan klausa kasebut ora nduweni status sintaksis sing padha (Moeliono, 1988:337). konjungsi subordinatif yaiku konjungsi sing nggandhengake rong konstituen utawa luwih sing nduweni status ora padha miturut Wedhawati (2006:392). Sesambungan subordinatif yaiku sesambungan sing ngandharake unsur-unsur pambentuk satuwan sing luwih gedhe kang nduwe kalungguhan ora sadrajad. Sesambungan subordinatif umume ditemokake sajrone konstruksi frasa yaiku sesambungan sing asipat panambahan utawa pamilihan (Putrayasa, 2007:6).

### **Titikane Sesambungan Subordinatif**

Titikane sesambungan subordinatif (1) informasi sing ana sajrone klausa sing subordinatore nduweni kalungguhan ora padha, (b) klausa sing kalungguhane nduweni fungsi katrangan. Kaya ta sing nyatakake wektu, bisa diganti nganggo frasa utawa tembung (Sudaryanto, 1991:82). Klausa sing diwenehi konjungsi subordinatif iku nduweni sipat njangkepi utawa ngandharake klausa liyane, mula cara semantik klausa iku bisa disubstitusi karo frasa sing nduweni kalungguhan fungsi ketrangan utawa komplemen klausa liyane. Bab kuwi uga nate diandharake dening Alwi ngenani titikane semantik sesambungan subordinatif.

### **Jinise Sesambungan Subordinatif**

Sesambungan subordinatif diperang dadi telulas. kang diperang dadi telulas yaiku (1) sesambungan teges kausalitas, (2) sesambungan teges konsektif, (3) sesambungan teges instrumen, (4) sesambungan teges dheduktif, (5) sesambungan teges kondhisi, (6) sesambungan teges disjungtif, (7) sesambungan teges

konsesif, (8) sesambungan teges final, (9) sesambungan teges temporal, (10) sesambungan teges korelatif, (11) sesambungan teges similaritas, (12) sesambungan teges komparasi, (13) sesambungan teges rincian.

### **Tegese Ukara Camboran Susun**

Ukara camboran susun yaiku manawa ukara sing siji dadi katrangane ukara sijine. Ukara kang diterangake diarani ukara baku, dene ukara sing dadi katrangan diarani ukara wuwuhan (Antunsuhono, 1956:72). Ukara camboran susun miturut Khairah (2014:183) yaiku nggandhengake rong klausa utawa luwih kanthi cara susun, ana sing gunane minangka klausa utama lan ana sing gunane minangka klausa bawahan. Panggunane tembung panggandheng sing nduweni sipat subordinatif nyebabake klausa sing siji dadi bagian saka klausa liyane, bisa uga diarani klausa bebas yenta klausa bawahan bisa diarani klausa kaiket. Ukara camboran susun sesambungan saben klausane ora padha, jalaran saora-orane nduweni sakklausa inti lan sakklausa dudu inti (Arifin, 1986:131). Ukara camboran susun yaiku ukara sing kasusun saka rong klausa utawa luwih sing salah siji ing antarane minangka bagian saka klausa sing liyane (Wedhawati, 2006:541). Ukara camboran susun yaiku ukara sing siji dadi katrangane ukara sijine. Ukara sing diterangake diarani ukara baku, dene ukara sing dadi katrangan diarani ukara wuwuhan (Padmosoekotjo, 1987:153).

### **TATA CARANE PANLITEN**

Panliten iki kalebu panliten linguistik dheskriptif. Titikane saka panliten dheskriptif, yaiku nggambarake konstituen-konstituen ujaran lan sesambungane ngenani semantik, sintaksis, lan fonologi lumrahe awujud gramatikal utawa variabel (Kridalaksana, 2008:47). Dene jinise yaiku sinkronis, amarga basa sing diteliti ing panliten iki yaiku basa ing jaman saiki (Kridalaksana, 2008:222).

Sumber dhata ing panliten iki awujud karya sastra ing kalawarti basa Jawa. Dhata sing digunakake awujud teks tulis sing kalebu sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun ing rubrik non sastra.

Instrumen panliten sing bakal digunakake ana loro, yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama kang panliten iki yaiku wacan sing ana ing kalawarti Jayabaya arupa karya sastra lan non sastra. Dene instrumen panyengkuyung arupa piranti tulis kayata, buku, polpen, laptop, majalah. Piranti tulis iki kanggo ngumpulake dhata sing ana ing majalah. Dhata sing dikumpulake banjur ditulis ing buku.

Tatacara ngumpulake dhata yaiku nggunakake teknik catet. Dene anggane njlentrehake yaiku nggunakake metodhe nganalisis dhata kanthi perangan saka basa kuwi dhewe, dadi perangan sing nemtokake



analisis. Banjur asil dhata disuguhake awujud laporan katulis ngenani sekabehe sing diasilake sajrone panliten iki, mligine ngenani sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun ing basa Jawa. Asil panjlentrehane dhata ing panliten iki kanthi cara informal, amarga anggane nyuguhake dhata nggunakake analisis dhata nganggo tembung sing lumrah supaya bisa dimangerteni lan dipahami dening pamaca.

## JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASILE PANLITEN

Isine bab IV iki kaperang dadi telu, yaiku (1) andharan lan jlentrehan dhata, (2) asil panliten, lan (3) dhiskusi asil panliten. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

### Andharan lan Jlentrehane Panliten

Andharan lan jlentrehane dhata panliten njlentrehake lan ngandharake ngenani sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun ing basa Jawa. Kayata sing diandharake ing bab 2, sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun ing basa Jawa diperang adhedhasar wujud sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun ing basa Jawa. Adhedhasar wujud yaiku tembung panggandheng sajrone ukara camboran susun, sesambungan subordinatif bisa diperang dadi telulas. dhata-dhata kasebut diandharake lan dijlentrehake adhedhasar teori transformasi generatif. Jlentrehan ngenani peranan kasebut kaya ing ngisor iki.

Sesambungan subordinatif kang awujud tembung panggandheng diperang dadi telulas, yaiku (1) sesambungan teges kausalitas, (2) sesambungan teges konsekutif, (3) sesambungan teges instrumen, (4) sesambungan teges dheduktif, (5) sesambungan teges kondhisional, (6) sesambungan teges disjungtif, (7) sesambungan teges konsesif, (8) sesambungan teges final, (9) sesambungan teges temporal, (10) sesambungan teges korelatif, (11) sesambungan teges similaritas, (12) sesambungan teges komparasi, (13) sesambungan teges rincian. Andharan kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

### 1 Sesambungan Teges Kausalitas

Sesambungan teges kausalitas iki peranan saka konjungsi subordinatif kang awujud tembung panggandheng. Klausa utama sajrone ukara nyatakake sebab dene klausa panyengkuyunge nyatakake akibat. Dhata lan jlentrehan analisis ing ngisor iki.

- (1) Maling ora bisa dicekel warga, **merga** kancane wis nggenteni ana nduwur montor. (Jb/14/I/12/16Aab)  
'Pencuri tidak bisa ditangkap warga, karena temannya sudah menunggu diatas motor'.

| Dhata             | Kategori/Wujud | Fungsi/Guna | Peran/Kalungguhan |
|-------------------|----------------|-------------|-------------------|
| Maling            | aran           | jejer       | panindak          |
| ora bisa dicekel  | frasa kriya    | wasesa      | kriya             |
| warga             | aran           | lesan       | panandang         |
| <b>merga</b>      | panggandheng   | ketrangan   | faktor            |
| kancane           | frasa aran     | jejer       | panindak          |
| wis nggenteni     | frasa kriya    | wasesa      | kriya             |
| ana nduwur montor | frasa aran     | katrangan   | papan             |

Ukara ing nduwur kalebu ukara sing bener lan bisa ngisi peranan tembung panggandheng sajrone ukara. Ukara (2) kedadeyan saka rong klausa kang kalungguhane ora padha. Klausa siji *matrik* dadi klausa utama dene klausa kapindho *sematan* dadi klausa panyengkuyung. Anane tembung panggandheng kasebut kanggo mbedakake saben-saben perangane konjungsi subordinatif. Tanpa anane tembung panggandheng klausa (2) ora bisa ngadheg dhewe lan ora bisa menehi pawarta kang cetha, sarta makna sajrone klausa kasebut uga ora bisa dimangerteni. Ing ukara (2) nggunakake Tembung panggandheng "mula" sajrone klausa ndadekake ukara camboran susun, jalaran ukara (2) nggunakake tembung panggandheng "mula" kang klausa utamane nyatakake akibat yaiku klausa "omah dadi suwung". 'Rumah menjadi sepi'. Andharan ing dhuwur wujud tembung panggandheng kasebut manggon ing antarane klausa lan nduweni guna minangka katrangan. Tembung panggandheng bisa diarani konjungsi subordinatif amarga nggandhengake rong klausa sing kalungguhane ora padha. Anane tembung panggandheng kasebut cundhuk karo perangane konjungsi subordinatif yaiku kang nyatakake konsekutif.

### 2 Sesambungan Teges Konsekutif

Sesambungan teges konsekutif ana sajrone ukara sing klausa utama nyatakake "akibat", dene klausa panyengkuyunge nyatakake "sebab". Tuladha lan jlentrehan analisis ing ngisor iki.

- (2) Omah dadi suwung, **mula** omah dak kancingi. (Jb/27/I/3/16Gs)  
'Rumah menjadi sepi, sehingga rumah saya kunci'.

| Dhata        | Kategori/<br>Wujud | Fungsi/<br>Guna | Peran/<br>Kalungguhan |
|--------------|--------------------|-----------------|-----------------------|
| Omah         | aran               | jejer           | panindak              |
| dadi suwung  | frasa kahanan      | wasesa          | kahanan               |
| <b>mula</b>  | panggandhe ng      | katrangan       |                       |
| omahe        | aran               | jejer           | panindak              |
| dak kancingi | kriya              | wasesa          | kriya                 |

Ukara ing nduwur kalebu ukara sing bener lan bisa ngisi peranan tembung panggandheng sajrone ukara. Ukara (2) kedadeyan saka rong klausa kang kalungguhane ora padha. Klausa siji *matrik* dadi klausa utama dene klausa kapindho *semanan* dadi klausa panyengkuyung. Anane tembung panggandheng kasebut kanggo mbedakake saben-saben perangane konjungsi subordinatif. Tanpa anane tembung panggandheng klausa (2) ora bisa ngadheg dhewe lan ora bisa menehi pawarta kang cetha, sarta makna sajrone klausa kasebut uga ora bisa dimangerteni. Ing ukara (2) nggunakake Tembung panggandheng “mula” sajrone klausa ndadekake ukara camboran susun, jalaran ukara (2) nggunakake tembung panggandheng “mula” kang klausa utamane nyatakake akibat yaiku klausa “omah dadi suwung”. *‘Rumah menjadi sepi’*. Andharan ing dhuwur wujud tembung panggandheng kasebut manggon ing antarane klausa lan nduweni guna minangka katrangan. Tembung panggandheng bisa diarani konjungsi subordinatif amarga nggandhengake rong klausa sing kalungguhane ora padha. Anane tembung panggandheng kasebut cundhuk karo perangane konjungsi subordinatif yaiku kang nyatakake konsektif.

### 3 Sesambungan Teges Instrumen

Sesambungan teges instrumen kalebu perangane sesambungan subordinatif yaiku klausa utamane kang nyatakake cara ngleksanakake sajrone klausa utama. Tuladha lan jlentrehan analisis ing ngisor iki.

- (3) Mas Aji mulih saka kampus, **kanthi** nggawa coklat satoples. (Jb/14/I/12/16CTp)  
*‘Mas Aji pulang dari kampus, dengan membawa coklat satu toples’.*

| Dhata         | Kategori/<br>Wujud | Fungsi/<br>Guna | Peran/<br>Kalungguhan |
|---------------|--------------------|-----------------|-----------------------|
| Mas Aji       | aran               | jejer           | panindak              |
| mulih         | kriya              | wasesa          | kriya                 |
| saka kampus   | frasa aran         | katrangan       | papan                 |
| <b>kanthi</b> | panggandhe ng      | katrangan       | cara                  |
| (Mas Aji)     | aran               | jejer           | panindak              |
| nggawa coklat | frasa kriya        | wasesa          | kriya                 |
| satoples      | aran               | geganep         | kahanan               |

Ukara (3) kasebut uga kedadeyan saka rong klausa kang kalungguhane ora padha. Klausa siji *matrik* dadi klausa utama dene klausa kapindho *semanan* dadi klausa panyengkuyung. Anane tembung panggandheng kasebut kanggo mbedakake saben-saben perangane konjungsi subordinatif. Tanpa anane tembung panggandheng klausa (3) ora bisa ngadheg dhewe lan ora bisa menehi pawarta kang cetha, sarta makna sajrone klausa kasebut uga ora bisa dimangerteni. Ing ukara (3) nggunakake tembung panggandheng “kanthi” kasebut klausa sajrone ukara ndadekake ukara camboran susun, jalaran ukara (3) nggunakake tembung panggandheng “kanthi” kang klausa utamane nyatakake cara yaiku klausa “mas aji mulih saka kampus”. *‘Mas Aji pulang dari kampus’*. Andharan ing dhuwur kalebu wujud tembung panggandheng kasebut manggon ing antarane klausa lan nduweni guna minangka katrangan. Tembung panggandheng bisa diarani konjungsi subordinatif amarga nggandhengake rong klausa sing kalungguhane ora padha. Anane tembung panggandheng kasebut cundhuk karo perangane konjungsi subordinatif yaiku kang nyatakake instrumen.

### 4 Sesambungan Teges Dhedhukatif

Konjungsi dhedhukatif ana sajrone ukara sing klausa utama nyatakake makna “umum”, dene klausa panyengkuyunge nyatakake makna “khusus”. Tuladha lan jlentrehan analisis ing ngisor iki.

- (4) Sanggar gladhen ing bab ketrampilan, **kayadene** sanggar senam kebugaran. (Jb/27/I/3/16Pn)  
*‘Sanggar latihan mengenai bab ketrampilan, seperti sanggar senam kebugaran’.*

| Dhata               | Kategori/<br>Wujud | Fungsi/<br>Guna | Peran/<br>Kalungguhan |
|---------------------|--------------------|-----------------|-----------------------|
| Sanggar             | aran               | jejer           | panindak              |
| gladhen             | kriya              | wasesa          | kriya                 |
| ing bab ketrampilan | aran               | geganep         | panandang             |
| <b>kayadene</b>     | panggandheng       | katrangan       |                       |
| sanggar             | aran               | jejer           | panindak              |
| senam               | kriya              | wasesa          | kriya                 |
| kabugaran           | kahanan            | geganep         | kahanan               |

Ukara (4) kasusun saka rong klausa. Klausa siji *matrik* dadi klausa utama dene klausa kapindho *semanan* dadi klausa panyengkuyung. Anane tembung panggandheng kasebut kanggo mbedakake saben-saben perangan konjungsi subordinatif. Tanpa anane tembung panggandheng klausa (4) ora bisa ngadheg dhewe lan ora bisa menehi pawarta kang cetha, sarta makna sajrone klausa kasebut uga ora bisa dimangerteni. Ing ukara (4) nggunakake tembung panggandheng “kayadene” sajrone klausa ndadekake ukara camboran susun, jalaran ukara (4) klausa utamane nyatakake umum yaiku klausa “Sanggar gladheng ing bab ketrampilan”. ‘Sanggar latihan mengenai bab ketrampilan’. Andharan kasebut wujud tembung panggandheng kasebut manggon ing antarane klausa lan nduweni guna minangka katrangan. Tembung panggandheng bisa diarani konjungsi subordinatif amarga nggandhengake rong klausa sing kalungguhane ora padha. Anane tembung panggandheng kasebut cundhuk karo perangan konjungsi subordinatif yaiku kang nyatakake dhedhuktif.

### 5 Sesambungan Teges Komparasi

Sesambungan teges komparasi yaiku inangka jinis saka konjungsi subordinatif. Sesambungan teges iki kang nyatakake bandingan sajrone ukara. Tuladha lan jlentrehan analisis ing ngisor iki.

- (5) Ratu Pambayun diupakara lan digemateni dening Ki Ageng Karang Lo, **nganti** ngancik dewasa. (Jb/14/I/12/16Pas)  
‘Ratu Pambayun dididik dan dibersarkan oleh Ki Ageng Karang Lo, sampai menginjak dewasa’.

| Dhata                     | Kategori /<br>Wujud | Fungsi/<br>Guna | Peran/<br>Kalungguhan |
|---------------------------|---------------------|-----------------|-----------------------|
| Ratu Pambayun             | frasa aran          | jejer           | panampa               |
| diupakara lan digemateni  | frasa kriya         | wasesa          | kriya                 |
| dening Ki Ageng Karang Lo | frasa aran          | lesan           | panindak              |
| <b>nganti</b>             | panggan dheng       | katrangan       |                       |
| Ratu Pambayun             | frasa aran          | jejer           | panampa               |
| ngancik dewasa            | frasa kahanan       | wasesa          | proses                |

Ukara (5) kasusun saka rong klausa. Klausa siji *matrik* dadi klausa utama dene klausa kapindho *semanan* dadi klausa panyengkuyung. Anane tembung panggandheng kasebut kanggo mbedakake saben-saben perangan konjungsi subordinatif. Tanpa anane tembung panggandheng klausa (5) ora bisa ngadheg dhewe lan ora bisa menehi pawarta kang cetha, sarta makna sajrone klausa kasebut uga ora bisa dimangerteni. Ing ukara (5) nggunakake tembung panggandheng “nganti” sajrone klausa ndadekake ukara camboran susun, jalaran ukara (5) nggunakake tembung panggandheng “nganti” kang klausa utamane nyatakake mbandingake yaiku klausa “Ratu Pambayun diupakara lan digemateni dening Ki Ageng Karang Lo”. ‘Ratu Pambayun dididik dan dibersarkan oleh Ki Ageng Karang Lo’. Andharan kasebut wujud tembung panggandheng kasebut manggon ing antarane klausa lan nduweni guna minangka katrangan. Tembung panggandheng bisa diarani konjungsi subordinatif amarga nggandhengake rong klausa sing kalungguhane ora padha. Anane tembung panggandheng kasebut cundhuk karo perangan konjungsi subordinatif yaiku kang nyatakake komparasi, kang mbandhingake klausa.

### 6 Sesambungan Teges Kondhisional

Sesambungan teges kondhisi minangka jinis saka konjungsi subordinatif. Sesambungan iki ana sajrone ukara sing klausa panyengkuyunge yaiku “syarat” kedadeyane pitakon sajrone klausa utama. Tuladha lan jlentrehan analisis ing ngisor iki.

- (6) Penduduk tambahan yakin, **yen** gubernur Ahok pancen ora main-main. (Jb/27/I/3/16Pn)  
‘Penduduk tambahan yakin, jika gubernur Ahok memang tidak main-main’.



| Dhata                | Kategori / Wujud | Fungsi/ Guna | Peran/ Kalungguhan |
|----------------------|------------------|--------------|--------------------|
| Penduduk tambahan    | aran             | jejer        | panampa            |
| yakin,               | kahaman          | wasesa       | kahaman            |
| <b>yen</b>           | panggan dheng    | katrangan    |                    |
| Gubernur Ahok        | aran             | jejer        | panindak           |
| pancen ora main-main | frasa kahaman    | wasesa       | kahaman            |

Ukara (6) kasusun saka rong klausa. Klausa siji *matrik* dadi klausa utama dene klausa kapindho *sematan* dadi klausa panyengkuyung. Anane tembung panggandheng kasebut kanggo mbedakake saben-saben perangane konjungsi subordinatif. Tanpa anane tembung panggandheng klausa (6) ora bisa ngadheg dhewe lan ora bisa menehi pawarta kang cetha, sarta makna sajrone klausa kasebut uga ora bisa dimangerteni. Ing ukara (6) nggunakake tembung panggandheng “yen” sajrone klausa ndadekake ukara camboran susun, jalaran ukara (6) nggunakake tembung panggandheng “yen” kang klausa utamane nyatakake syarat yaiku klausa “Penduduk tambahan yakin”. *‘Penduduk tambahan yakin’*. Andharan kasebut wujud tembung panggandheng kasebut manggon ing antarane klausa lan nduweni guna minangka katrangan. Tembung panggandheng bisa diarani konjungsi subordinatif amarga nggandhengake rong klausa sing kalungguhane ora padha. Anane tembung panggandheng kasebut cundhuk karo perangane konjungsi subordinatif yaiku kang nyatakake kondhisi.

## 7 Sesambungan Teges Similaritas

Sesambungan teges similaritas ana sajrone ukara sing klausa utama nyatakake “kedadeyan”, dene klausa panyengkuyunge nyatakake “konsensif”. Klausa panyengkuyung ora bisa diubah klausa utamane. Tuladha lan jlentrehan analisis ing ngisor iki.

- (7) Ana sawetara jamaah metu saka masjid, **kamangka** sholat durung rampung. (Jb/14/I/12/16Aab)  
*‘Ada beberapa jamaah keluar dari masjid, padahal sholat belum selesai’.*

| Dhata           | Kategori/ Wujud | Fungsi/ Guna | Peran/ Kalungguhan |
|-----------------|-----------------|--------------|--------------------|
| Ana sawetara    | aran            | katrangan    | waktu              |
| jamaah          | aran            | jejer        | panindak           |
| metu saka       | frasa kriya     | wasesa       | kriya              |
| masjid,         | aran            | katrangan    | papan              |
| <b>kamangka</b> | panggandheng    | katrangan    |                    |
| sholate         | kriya           | wasesa       | panandang          |
| durung rampung  | frasa kahaman   | geganep      | kahaman            |

Ukara ing nduwur kalebu ukara camboran susun. Ukara (7) kasebut kedadeyan saka rong klausa kang kalungguhane ora padha. Klausa siji *matrik* dadi klausa utama dene klausa kapindho *sematan* dadi klausa panyengkuyung. Anane tembung panggandheng kasebut kanggo mbedakake saben-saben perangane konjungsi subordinatif. Tanpa anane tembung panggandheng klausa (7) ora bisa ngadheg dhewe lan ora bisa menehi pawarta kang cetha, sarta makna sajrone klausa kasebut uga ora bisa dimangerteni. Ing ukara (7) nggunakake tembung panggandheng “kamangka” sajrone klausa ndadekake ukara camboran susun, jalaran ukara (7) nggunakake tembung panggandheng “kamangka” kang klausa utamane nyatakake kedadeyan yaiku klausa “ana sawetara jamaah metu saka masjid”. *‘Ada beberapa jamaah keluar dari masjid’*. Andharan kasebut wujud tembung panggandheng kasebut manggon ing antarane klausa lan nduweni guna minangka katrangan. Tembung panggandheng bisa diarani konjungsi subordinatif amarga nggandhengake rong klausa sing kalungguhane ora padha. Anane tembung panggandheng kasebut cundhuk karo perangane konjungsi subordinatif yaiku kang nyatakake kedadeyan.

## 8 Sesambungan Teges Final

Sesambungan teges final kalebu perangane konjungsi subordinatif. Konjungsi final kalusa utamane nyatakake sarana kanggo nggayuh tujuan tartamtu. Tuladha lan jlentrehan analisis ing ngisor iki.

- (8) Pak Jaya budhal mancing, **kanggo** ngurangi rasa gela. (Jb/27/I/3/16CTp)  
*‘Pak Jaya berangkat memancing, supaya mengurangi rasa kecewa’.*

| Dhata          | Kategori/<br>Wujud | Fungsi/<br>Guna | Peran/<br>Kalungguhan |
|----------------|--------------------|-----------------|-----------------------|
| Pak Jaya       | aran               | jejer           | panindak              |
| budhal mancing | frasa kriya        | wasesa          | kriya                 |
| <b>kanggo</b>  | panggandhe ng      | katrangan       | tujuan                |
| (Pak Jaya)     | arab               | jejer           | panindak              |
| ngurangi       | kriya              | wasesa          | kriya                 |
| rasa gela      | frasa kahanan      | geganep         | kahanan               |

Ukara (8) kasebut uga kedadeyan saka rong klausa kang kalungguhane ora padha. Klausa siji *matrik* dadi klausa utama dene klausa kapindho *sematan* dadi klausa panyengkuyung. Anane tembung panggandheng kasebut kanggo mbedakake saben-saben perangane konjungsi subordinatif. Tanpa anane tembung panggandheng klausa (8) ora bisa ngadheg dhewe lan ora bisa menahi pawarta kang cetha, sarta makna sajrone klausa kasebut uga ora bisa dimangerteni. Ing ukara (8) nggunakake tembung panggandheng “kanggo” kasebut klausa sajrone ukara ndadekake ukara camboran susun, jalaran ukara (8) nggunakake tembung panggandheng “kanggo” kang klausa utamane nyatakake sarana yaiku klausa “Pak Jaya budhal mancing”. *‘Pak Jaya berangkat memancing’*. Andharan kasebut wujud tembung panggandheng kasebut manggon ing antarane klausa lan nduweni guna minangka katrangan. Tembung panggandheng bisa diarani konjungsi subordinatif amarga nggandhengake rong klausa sing kalungguhane ora padha. Anane tembung panggandheng kasebut cundhuk karo perangane konjungsi subordinatif yaiku kang nyatakake final.

### 9 Sesambungan Teges Temporal

Sesambungan teges temporal iki minangka salah sijine perangan konjungsi subordinatif. Sesambungan iki klausa utamane nyatakake “kedadean”, dene klausa panyengkuyunge nyatakake “wektu”.

- (9) Mobil Toyota Fortuner B 201 RFD njempalik, **sawise** nabrak tukang ojek. (Jb/27/I/3/16 Gs)  
*‘Mobil Toyota Fortuner B 201 RFD terguling, setelah menabrak tukang ojek’*.

| Dhata                           | Kategori /<br>Wujud | Fungsi/<br>Guna | Peran/<br>Kalungguhan |
|---------------------------------|---------------------|-----------------|-----------------------|
| Mobil Toyota Fortuner B 201 RFD | Aran                | jejer           | panindak              |
| njempalik,                      | kriya               | wasesa          | kriya                 |
| <b>sawise</b>                   | panggan dheng       | katrang an      | wektu                 |
| nabrak                          | kriya               | wasesa          | kriya                 |
| tukang ojek                     | frase aran          | lesan           | panampa               |

Ukara (9) kasusun saka rong klausa. Klausa siji *matrik* dadi klausa utama dene klausa kapindho *sematan* dadi klausa panyengkuyung. Anane tembung panggandheng kasebut kanggo mbedakake saben-saben perangane konjungsi subordinatif. Tanpa anane tembung panggandheng klausa (9) ora bisa ngadheg dhewe lan ora bisa menahi pawarta kang cetha, sarta makna sajrone klausa kasebut uga ora bisa dimangerteni. Ing ukara (9) nggunakake tembung panggandheng “sawise” sajrone klausa ndadekake ukara camboran susun, jalaran ukara (9) nggunakake tembung panggandheng “sawise” kang klausa utamane nyatakake wektu urutan yaiku klausa “Mobil Toyota Fortuner B 201 RFD njempalik”. *‘Mobil Toyota Fortuner B 201 RFD terguling’*.

Andharan kasebut wujud tembung panggandheng kasebut manggon ing antarane klausa. Lan nduweni guna minangka katrangan. Tembung panggandheng bisa diarani konjungsi subordinatif amarga nggandhengake rong klausa sing kalungguhane ora padha. Anane tembung panggandheng kasebut cundhuk karo perangane konjungsi subordinatif yaiku kang nyatakake wektu kawiwitan.

### 10 Sesambungan Teges Korelatif

Sesambungan Teges korelatif iki perangan saka jinise sesambungan subordinatif. Sesambungan iki klausa utamane nyatakake kosok balen. Tuladha lan jlentrehan analisis ing ngisor iki.

- (10) Jagad iki aja nganti ana ratu, **kejaba** Jarasandha. (Jb/27/I/3/16 Cw)  
*‘Dunia ini jangan sampai ada ratu, kecuali Jarasandha’*.



| Dhata          | Kategori / Wujud | Fungsi/ Guna | Peran/ Kalungguhan |
|----------------|------------------|--------------|--------------------|
| Jagad iki      | frasa aran       | jejer        | panindak           |
| aja nganti ana | frasa kahanan    | wasesa       | kahanan            |
| Ratu           | aran             | geganep      | reseptif           |
| <b>Kejaba</b>  | panggan dheng    | katrangan    |                    |
| Jarasandha     | aran             | geganep      | panampa            |

Ukara (10) kasebut uga kedadeyan saka rong klausa kang kalungguhane ora padha. Klausa siji *matrik* dadi klausa utama dene klausa kapindho *sematan* dadi klausa panyengkuyung. Anane tembung panggandheng kasebut kanggo mbedakake saben-saben perangan konjungsi subordinatif. Tanpa anane tembung panggandheng klausa (10) ora bisa ngadheg dhewe lan ora bisa menehi pawarta kang cetha, sarta makna sajrone klausa kasebut uga ora bisa dimangerteni. Ing ukara (10) nggunakake tembung panggandheng “kejaba” kasebut klausa sajrone ukara ndadekake ukara camboran susun, jalaran ukara (10) nggunakake tembung panggandheng “kejaba” kang klausa utamane nyatakake kosokbalen yaiku klausa “jagad iki aja nganti ana ratu”. *‘Dunia ini jangan sampai ada ratu’*. Andharan kasebut wujud tembung panggandheng kasebut manggon ing antarane klausa. Lan nduweni guna minangka katrangan. Tembung panggandheng bisa diarani konjungsi subordinatif amarga nggandhengake rong klausa sing kalungguhane ora padha. Anane Tembung panggandheng kasebut cundhuk karo perangan konjungsi subordinatif yaiku kang nyatakake kosokbalen.

### 11 Sesambungan Teges Konsensif

Sesambungan teges konsensif ana sajrone ukara sing klausa utama nyatakake “dasar”, dene klausa panyengkuyunge nyatakake “isi” minangka wasesa klausa utamane. Tuladha lan jlentrehan dhata ing ngisor iki.

- (11) Aku mbayangne, **menawa** sesok adang sega tiwul.  
(Jb/12/III/11/16Aab)  
*‘Saya membayangkan, bahwa besok memasak nasi tiwul’*.

| Dhata         | Kategori /Wujud | Fungsi/ Guna | Peran/ Kalungguhan |
|---------------|-----------------|--------------|--------------------|
| Aku           | sesulih         | jejer        | panindak           |
| mbayangne,    | kriya           | wasesa       | kriya              |
| <b>menawa</b> | panggan dheng   | katrangan    |                    |
| sesok         | katrangan       | katrangan    | wektu              |
| Adang         | kriya           | wasesa       | proses             |

|            |      |       |         |
|------------|------|-------|---------|
| sega tiwul | aran | lesan | panampa |
|------------|------|-------|---------|

Ukara (11) kasebut uga kedadeyan saka rong klausa kang kalungguhane ora padha. Klausa siji *matrik* dadi klausa utama dene klausa kapindho *sematan* dadi klausa panyengkuyung. Anane tembung panggandheng kasebut kanggo mbedakake saben-saben perangan konjungsi subordinatif. Tanpa anane tembung panggandheng klausa (11) ora bisa ngadheg dhewe lan ora bisa menehi pawarta kang cetha, sarta makna sajrone klausa kasebut uga ora bisa dimangerteni. Ing ukara (11) nggunakake tembung panggandheng “menawa” kasebut klausa sajrone ukara ndadekake ukara camboran susun, jalaran ukara (11) nggunakake Tembung panggandheng “menawa” kang klausa utamane nyatakake dasar isi yaiku klausa “Aku mbayangne”. *‘Saya membayangkan’*. Andharan kasebut wujud tembung panggandheng kasebut manggon ing antarane klausa lan nduweni guna minangka katrangan. Tembung panggandheng bisa diarani konjungsi subordinatif amarga nggandhengake rong klausa sing kalungguhane ora padha. Anane Tembung panggandheng kasebut cundhuk karo perangan konjungsi subordinatif yaiku kang nyatakake dasar isi.

### 12 Sesambungan Teges Disjungtif

Sesambungan teges disjungtif iki kalebu jinise sesambungan suordinatif. Sesambungan teges disjungtif kalusa utamane nyatakake mamang (keraguan). Tuladha lan jlentrehan analisis ing ngisor iki.

- (12) Ocehing peksi saut-sautan, **mbok menawa** padha tetembangan muji syukur. (Jb/27/I/3/16Cr)  
*‘Kicauan Peksi sahut-sahutan, kemungkinan pada menyanyikan puji syukur’*.

| Dhata              | Kategori/ Wujud | Fungsi/ Guna | Peran/ Kalungguhan |
|--------------------|-----------------|--------------|--------------------|
| Ocehing            | kriya           | lesan        | kriya              |
| Peksi              | aran            | jejer        | panindak           |
| saut-sautan,       | frasa kahanan   | wasesa       | kahanan            |
| <b>mbok menawa</b> | panggandheng    | katrangan    |                    |
| padha              | aran            | jejer        | sesulih            |
| tetembangan        | kriya           | wasesa       | kriya              |
| muji syukur        | frasa kahanan   | katrangan    | kahanan            |

Ukara (12) kasusun saka rong klausa. Klausa siji *matrik* dadi klausa utama dene klausa kapindho *semtan* dadi klausa panyengkuyung. Anane tembung panggandheng kasebut kanggo mbedakake saben-saben perangane konjungsi subordinatif. Tanpa anane tembung panggandheng klausa (12) ora bisa ngadheg dhewe lan ora bisa menehi pawarta kang cetha, sarta makna sajrone klausa kasebut uga ora bisa dimangerteni. Ing ukara (12) nggunakake tembung panggandheng “mbok menawa” sajrone klausa ndadekake ukara camboran susun, jalaran ukara (12) nggunakake tembung panggandheng “mbok menawa” kang klausa utamane nyatakake keraguan (mamang) yaiku klausa “Ocehing peksi saut-sautan”. *‘Kicauan Peksi sahut-sahutan’*. Andharan kasebut nuduhake wujud tembung panggandheng kasebut manggon ing antarane klausa lan nduweni guna minangka katrangan. Tembung panggandheng bisa diarani konjungsi subordinatif amarga nggandhengake rong klausa sing kalungguhane ora padha. Anane tembung panggandheng kasebut cundhuk karo perangane konjungsi subordinatif yaiku kang nyatakake keraguan (mamang).

### 13 Sesambungan Teges Rincian

Sesambungan teges rincian iki kalebu jinise sesambungan subordinatif. Sesambungan teges rincian klausa utamane nyatakake ngrinci sajrone ukara. Tuladha lan jlentrehan analisis ing ngisor iki.

- (13) Pelembab kulit sing kasab, **kayata** ing sikil, dhengkul, lambe. (Jb/27/I/3/16Tg)  
*‘Pelembab kulit yang kasab, antara lain di kaki, lutut, bibir’.*


| Dhata                      | Kategori / Wujud | Fungsi/ Guna | Peran/ Kalungguhan |
|----------------------------|------------------|--------------|--------------------|
| pelembab kulit             | aran             | jejer        | panindak           |
| sing kasab,                | frasa kahanan    | wasesa       | proses             |
| <b>kayata</b>              | panggan dheng    | katrangan    |                    |
| (pelembab kulit)           | aran             | jejer        | panindak           |
| ing sikil, dhengkul, lambe | frasa aran       | wasesa       | panampa            |

Ukara (13) kasusun saka rong klausa. Klausa siji *matrik* dadi klausa utama dene klausa kapindho *semtan* dadi klausa panyengkuyung. Anane tembung

panggandheng kasebut kanggo mbedakake saben-saben perangane konjungsi subordinatif. Tanpa anane tembung panggandheng klausa (13) ora bisa ngadheg dhewe lan ora bisa menehi pawarta kang cetha, sarta makna sajrone klausa kasebut uga ora bisa dimangerteni. Ing ukara (13) nggunakake tembung panggandheng “kayata” sajrone klausa ndadekake ukara camboran susun, jalaran ukara (13) nggunakake tembung panggandheng “kayata” kang klausa utamane nyatakake rincian yaiku klausa “Pelembab kulit sing kasab”. *‘Pelembab kulit yang kasab’*. Andharan kasebut nuduhake wujud tembung panggandheng kasebut manggon ing antarane klausa. Lan nduweni guna minangka katrangan. Tembung panggandheng bisa diarani konjungsi subordinatif amarga nggandhengake rong klausa sing kalungguhane ora padha. Anane tembung panggandheng kasebut cundhuk karo perangane konjungsi subordinatif yaiku kang nyatakake rincian.

### Asile Panliten

Sawise dijlentrehake lan diandharake ngenani sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun ing nduwur, banjur kaandharake ngenani asile panliten. Andharan lan jlentrehan panliten kasebut dimangerteni menawa sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun diperang adhedhasar makna struktural utawa gramatikal yaiku adhedhasar teori transformasi generatif.



Bagan kasebut nuduhake yen sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun adhedhasar makna struktural bisa diperang dadi telulas yaiku, (1) sesambungan makna kausalitas, (2) sesambungan makna konsekutif, (3) sesambungan teges instrumen, (4) sesambungan teges dheduktif, (5) sesambungan teges kondhisi, (6) sesambungan teges disjungtif, (7) sesambungan teges konsesif, (8) sesambungan teges final, (9) sesambungan teges temporal, (10) sesambungan teges korelatif, (11) sesambungan teges similaritas, (12) sesambungan teges komparasi, (13) sesambungan teges rincian. Ukara kang kasusun saka rong klausa lan kalungguhane ora padha nggunakake tembung panggandheng subordinatif, supaya ukara kasebut ngandhut pawarta kang cetha lan bisa dimangerteni dening panampa.

### Dhiskusi Asil Panliten

Asile panlite sing dijlentrehake ing dhuwur kasebut perlu didhiskusikake. Dhata panliten sing dhatane arupa ukara camboran susun kasebut perlu ditandhingake karo andharan para panliti basa Jawa sing wis di andharake ing bab II. Andharan kasebut ngenani konsepe sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun ing basa Jawa sing diperang dadi papat peranga, yaiku ngenani konjungsi subordinatif, titikane, jinise, ukara camboran susun, lan keselarasane teori transformasi generatif karo teknik-teknik panliten sing digunakake.

Adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhan sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun wujud tembung panggandheng diperang dadi telulas yaiku (1) sesambungan makna kausalitas, (2) sesambungan makna konsekutif, (3) sesambungan teges instrumen, (4) sesambungan teges dheduktif, (5) sesambungan teges kondhisi, (6) sesambungan teges disjungtif, (7) sesambungan teges konsesif, (8) sesambungan teges final, (9) sesambungan teges temporal, (10) sesambungan teges korelatif, (11) sesambungan teges similaritas, (12) sesambungan teges komparasi, (13) sesambungan teges rincian. Pamerang wujud tembung panggandheng iki selaras karo andharane Alwasilah (2011:99).

Asile panliten ngenani sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun iki bisa dimangerteni yen konjungsi subordinatif manggon ing antarane klausa sing kalungguhane ora padha. Konjungsi subordinatif sajrone ukara camboran susun nduweni tujuan kanggo ngandhegake klausa sing kalungguhane ora padha supaya informasi sing ana sajrone ukara kasebut luwih cetha lan gampang dimangerteni. Asile panliten iki selaras karo panliten sing wis tau ditindakake dening panliti basa liya yaiku Yades (2013) sajrone panlitene kanthi irah-irahan “*Konjungsi Subordinatif dalam Bahasa Minangkabau*”.

Teori sing digunakake ing panliten iki yaiku teori transformasi generatif sing diandharake Comsky ing bukune Lauder (2005:216). Teori iki selaras karo tatacara panjlentrehane dhata yaiku metodhe dhistributional utawa agih. Carane ngumpulake dhata nggunakake teknik cathet lan tatarane nyuguhake dhata kanthi cara informal.

### PANUTUP

Bagayan wekasan iki dijlentrehake dudutan minangka asil ndeleng sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun saka panliten iki lan pamrayoga kanggo panliten sabanjure. Andharan luwih jangkepe mangkene.

### Dudutan

Sesambungan subordinatif yaiku nggandhengake rong konstituen utawa luwih sing nduweni status ora padha. Ukara camboran susun yaiku ukara sing kasusun saka rong klausa utawa luwih sing salah siji ing antarane minangka bagian saka klausa sing liyane. sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun yaiku ukara kang kasusun saka rong klausa sing kalungguhane ora padha lan digandhengake dening konjungsi subordinatif. Sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun nduweni ancas supaya dadi ukara sing cetha lan gampang dimangerteni, amarga yen ukara kasusun saka rong klausa tanpa anane tembung panggandheng ora bisa dimangerteni.

Sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun adhedhasar makna struktural bisa diperang dadi telulas yaiku, (1) sesambungan makna kausalitas, (2) sesambungan makna konsekutif, (3) sesambungan teges instrumen, (4) sesambungan teges dheduktif, (5) sesambungan teges kondhisi, (6) sesambungan teges disjungtif, (7) sesambungan teges konsesif, (8) sesambungan teges final, (9) sesambungan teges temporal, (10) sesambungan teges korelatif, (11) sesambungan teges similaritas, (12) sesambungan teges komparasi. Ukara sing kasusun saka rong klausa lan kalungguhane ora padha nggunakake tembung panggandheng subordinatif, supaya ukara kasebut bisa dadi sampurna.

### Pramayoga

Asil saka panliten iki isih akeh lupute, mula panliti ngarepake ana panyaru sing asipat mangun supaya panliten sabanjure bisa kasil luwih apik. Saliyane kuwi panliti uga menehake pamrayoga kanggo panliyen ngenani sesambungan, mligine ngenani sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran ing basa Jawa, yaiku (1) isih akeh topik panliten ngenani sesambungan subordinatif sing durung diteliti yaiku salah sijine ngenani perangane sesambungan teges temporal, sesambungan



teges kausalitas, sesambungan teges instrumen jinise sesambungan teges ing ndhuwur isih bisa diperang dhewe-dhewe, (2) panliten ngenani sesambungan subordinatif sajrone ukara camboran susun ing basa Jawa iki, nduweni luput lan kurang, kurange panliten iki yaiku ing bab dhata, panliten iki ora nggunakake dhata lisan nanging mung nliti dhata tulis, kamangka dhata lisan uga bisa ditliti sajrone konjungsi subordinatif, mula di ajab ana panliten sing bisa menehi koreksi tumrap asile panliten iki.

#### KAPUSTAKAN

- Alwasillah, Chaedar. 2011. *Beberapa Mazhab dan Dikotomi Teori Linguistik*. Bandung: Angkasa
- Alwi, Hasan. 2003. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*. Jakarta: Balai Pustaka
- Antunsohono. 1956. *Reringkesaning Paramasastra Jawa*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing
- Arifin, Samsul. 1986. *Tipe Kalimat Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta
- Khairah, Miftahul. 2014. *SINTAKSIS*. Jakarta: PT Bumi Aksara
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- \_\_\_\_\_. 2007. *Kelas Kata dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramedia
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT Rajagrafindo Persada
- Nardiati. 2005. *Struktur Peran Semantis Kalimat Verbal Dalam Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Balai Bahasa Yogyakarta
- Padmosoekodjo, S. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: Citra Jaya Murti
- Parera, Jos Daniel. 1991. *Sintaksis*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Ramlan. 1987. *Ilmu Bahasa Indonesia SINTAKSIS*. Yogyakarta: CV Karyono
- Sasangka. 1989. *Paramasastra Jawa Gagrag Anyar*. Surabaya: PT Citra Jaya Murti
- Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- \_\_\_\_\_. 1988. *Metode Linguistik, Bagian Kedua: Metode dan aneka tehnik penggunaan data*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- \_\_\_\_\_. 2015. *Metode dan Aneka Tehnik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- Sugiyono. 2015. *Metodhe Penelitian Kuantitatif, Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta
- Verhaar, J.W.M. 2012. *Asas-Asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Wedhawati. 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir (Edisi Revisi)*. Yogyakarta: KA